

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka piranti ingkang dipunginakaken dening tiyang kangge komunikasi saha ngandharaken menapa ingkang dipunmaksud. Basa utawi *langage* ateges basa minangka sifat khas tiyang (Saussure ing Verhaar, 2008:3). Wujud saking basa wonten kathah, salah satunggalipun inggih menika wacana. Wacana minangka unsur basa ingkang relatif *kompleks* saha jangkep piyambak (Mulyana, 2005:1). Wacana saged dipunandharaken mawi lesan saha seratan. Wondene wacana seratan menika saged arupi wacana ing kalawarti.

Salah satunggaling kalawarti ingkang kawentar ing Jawi inggih menika kalawarti Panjebar Semangat. Kalawarti menika kawiwitan ing Surabaya tanggal 2 September 1933. Tokoh pendhiri PS inggih menika Dr. Soetomo. Kalawarti menika minangka salah satunggaling *media* ingkang dipunginakaken kangge perjuangan kamardikan Indonesia. Kalawarti PS menika ngewrat maneka warni rubrik, kadosta layang saka warga, pangudarasa, pawartos, yok apa rek kabare... Surabaya?, olahraga, obrolan, cerita sambung, cerita cekak, alaming lelembut, pedhalangan, kasarasan, taman geguritan, apa tumon?, gelanggang remaja, saha aiti (www.panjebarsemangat.co.id/profil-kami.html). Saking maneka warni jinis rubrik Panjebar Semangat kalawau, wonten satunggaling jinis rubrik ingkang narik kawigatosan panaliti inggih menika rubrik pawartos.

Rubrik pawartos menika ngewrat maneka warni pawartos aktual ing wekdal tartamtu. Saking rubrik pawartos menika ugi kaperang dados maneka warni

rubrik. Kadosta dredah saha masalah, sariwarta, pethilan, saha pawartos 10 taun kepengker. Saking rubrik menika tamtu kemawon gadhah titikan tartamtu. Menawi sariwarta, pethilan, sarta dredah saha masalah menika ngrembag babagan pawartos ingkang aktual utawi enggal. Wondene pawartos 10 taun kepengker menika ngrembag pawartos ingkang sampun dumados 10 taun kapengker.

Saking rubrik-rubrik menika, wonten setunggal rubrik ingkang narik kawigatosan panaliti inggih menika rubrik pethilan. Rubrik menika ngewrat pawartos ingkang aktual ananging dipunandharaken kanthi ukara cacah kalih kemawon. Ukara cacah kalih menika kadadosan saking ukara pawartos saha pamanggih saking redaktur. Wosing ukara pawartos inggih menika ngewrat pawartos ingkang aktual ingkang dipunandharaken kanthi intinipun kemawon. Wondene ukara pamanggih redaktur wosipun inggih menika ukara sindiran utawi pamanggih saking redaktur tumrap pawartos ing nginggilipun. Rubrik pethilan kasebat, boten saged dipunpahami kanthi satletraman kemawon, ananging kedah dipunpahami kanthi lebet amargi ngewrat maksud ingkang boten gamblang. Satemah kedah dipungayutaken kaliyan konteksipun.

Menawi dipuntingali saking ranah basa, rubrik pethilan menika kalebet wonten ing babagan wacana. Wacana menika wonten kathah jinisipun. Wondene wacana ingkang kathah dipunginakaken ing rubrik pethilan inggih menika wacana ukum, amargi ingkang kathah dipunrembag ing rubrik pethilan menika wacana ukum. Kanthi adhedhasar andharan kasebat, panaliti mendhet wacana ukum wonten ing rubrik pethilan dados punjering panaliten.

Wondene saking wacana ukum ing rubrik pethilan menika boten namung dipunwartakaken, ananging ugi wonten bab-bab sanes ingkang langkung narik kawigatenipun panaliti. Ing wacana ukum rubrik pethilan menika ugi ngewrat maneka warni tipe wacana. Wondene dening pamaos, tamtu kemawon boten nggatosaken kanthi cetha babagan tipe wacana pawartos, amargi tipe wacana pawartos menika boten kaserat kanthi gamblang wonten ing wacana ukum pethilan. Kanthi mekaten, panaliti ugi badhe naliti saha ngandharaken tipe wacana saking wacana ukum rubrik pethilan.

Inggang kaping kalih, wacana ukum wonten ing rubrik pethilan menika ugi ngewrat bab langgam basa. Langgam basa menika ragam basa ingkang dipunginakaken dening panyerat kangge ngandharaken samukawis prakawis ingkang boten dipunginakaken kaliyan wacana sanesipun. Langgam basa menika tamtu kemawon gegayutan kaliyan wacana ukum. Dados ragam basa ingkang dipunginakaken menika ugi namung ingkang dipunginakaken kaliyan wacana ukum. Wondene langgam basa ingkang dipunginakaken menika ugi wonten kathah jinisipun saha tamtu kemawon pamaos awis-awis nggatosaken babagan langgam basa ingkang dipunginakaken menika. Kanthi mekaten, panaliti ugi badhe naliti babagan langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum rubrik pethilan.

Inggang kaping tiga inggih menika babagan maksud. Wacana ukum ingkang kaserat wonten ing rubrik pethilan menika gadhah maksud tartamtu ingkang boten kaserat kanthi cetha. Kanthi mekaten kedah dipungayutaken kaliyan konteks wacana. Wondene konteks wacana ingkang dipunginakaken inggih menika

pawartos kanthi wetah saking rubrik pethilan. Kamangka, wacana ing rubrik pethilan menika namung wonten kalih ukara. Satemah kedah pados pawartos ingkang wetah supados manggihaken maksud ingkang wetah. Kanthi mekaten, cara ingkang dipunginakaken kangge manggihaken maksud wacana ukum inggih menika kanthi ngginakaken *inferensi*.

Inferensi minangka cara ingkang kedah dipuntindakaken dening tiyang ingkang mireng utawi pamaos kangge mangertos makna ingkang kanthi “*harfiah*” boten dipunandharaken kanthi gamblang wonten ing wacana dening tiyang ingkang micara utawi panyerat (Djajasudarma, 2012:37). Adhedhasar katrangan kasebat, *inferensi* minangka cara ingkang kedah dipuntindakaken dening pamaos kangge manggihaken maksud utawi dudutan menapa ingkang dipunkajengaken dening panyerat. Adhedhasar andharan kasebat, panaliti ngginakaken *teori inferensi* amargi badhe ndhudhah maksud utawi dudutan ingkang kasimpen ing wacana. *Inferensi* ugi saged mbiyantu pamaos anggenipun manggihaken maksud wacana kanthi gamblang, amargi kathah pamaos ingkang klentu anggenipun nafsiraken wacana menika.

Kalawarti PS menika dipunpantha dados mapinten-pinten *edisi*. Wondene *edisi* kalawarti Panjebar Semangat ingkang badhe dipunginakaken inggih menika *edisi* Juli 2016 ngantos Juli 2017. *Edisi* menika dipunginakaken amargi ingkang sepisan, kathah kasus ukum ingkang dipundadosaken pawartos ing rubrik pawartos “Pethilan”. Kaping kalih jarak antawisipun *edisi* ingkang dipunginakaken kaliyan wekdal panaliten boten tebih sanget satemah pamaos asil panaliten taksih kemutan kaliyan kadadosan ing pawartos menika.

Panaliten tumrap wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti PS menika ngginakaken pendhekatan analisis isi saking Krippendorff. Analisis isi inggih menika teknik panaliten ingkang dipunginakaken kangge ndamel *inferensi* utawi dudutan kanthi nggatosaken konteks ukaranipun (Krippendorff, 1993:15). Alesan panaliten menika ngginakaken analisis isi Krippendorff amargi ingkang sepisan, dipunginakaken kangge mantha saha milih rubrik ngantos dhata ingkang dipunginakaken. Ingkang kaping kalih mbiyantu manggihaken dudutan ing wacana ukum wonten rubrik pawartos “Pethilan” ingkang dipungayutaken kaliyan konteks wacananipun. Saking andharan wonten nginggil, panaliten menika badhe ngrembag babagan wacana ukum wonten ing rubrik pawartos “Pethilan” mawi irah-irahan “Wacana Ukum Rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebur Semangat *Edisi* Juli 2016 - Juli 2017 kanthi *pendekatan* Analisis Isi Krippendorff”.

B. Underaning Prakawis

Saking dhasaring panaliten ingkang dipunandharaken wonten nginggil, saged dipunmangertosi prakawis ing panaliten menika. Prakawis-prakawis ing panaliten inggih menika:

1. Wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebur Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017 ngewrat maneka warni *tipe* wacana pawartos.
2. Wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebur Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017 ngewrat maneka warni langgam basa ukum.

3. Pamanggih saking redaktur Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017 menika ngginakaken tetembungan ingkang boten lugas.
4. *Inferensi* ing wacana ukum ing rubrik “Pethilan” Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016 - Juli 2017.

C. Wosing Prakawis

Pirembagan ing panaliten menika dipunwatesi, saperlu ndadosaken langkung *fokus* kaliyan kabetahan ing panaliten kasebat inggih menika babagan wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan”. Saking watesaning prakawis ing nginggil, panaliti mendhet prakawis cacah tiga inggih menika:

1. Menapa kemawon *tipe* wacana pawartos wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017?
2. Menapa kemawon langgam basa ukum ingkang dipunginakaken salebeting wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017?
3. Kados pundi *inferensi* ing wacana ukum rubrik “Pethilan” Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017 kanthi ngginakaken *pendekatan* Analisis Isi Krippendorff?

D. Ancasipun Panaliten

Ancas saking panaliten kasebat inggih menika:

1. Ngandharaken *tipe* wacana pawartos wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017.

2. Ngandharaken langgam basa ukum ingkang dipunginakaken salebeting wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017?.
3. Ngandharaken *inferensi* wacana ukum rubrik “Pethilan” ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017 kanthi ngginakaken *pendekatan* Analisis Isi Krippendorff.

E. Paedahing Panaliten

Panaliten punika kaangkah saged paring mupangat kanthi teoretis saha praktis. Kanthi teoretis ingkang sepisan, kaangkah saged paring mupangat tumrap pangrembakanipun kawruh ngengingi teori tipe wacana pawartos, langgam basa ukum, saha teori *inferensi* wacana ukum rubrik pawartos “Pethilan” ing kalawarti Panjebar Semangat *Edisi* Juli 2016–Juli 2017. Ingkang kaping kalih, asil panaliten punika kaangkah saged paring seserepan dhateng pamaos saha panaliti sanes babagan wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” wonten ing kalawarti Panjebar Semangat *Edisi* Juli 2016 – Juli 2017.

Wondene kanthi praktis ingkang sepisan, asil panaliten menika saged dipunginakaken dening pamaos kangge manggihaken maksud ing rubrik pawartos “Pethilan” babagan ukum wonten ing kalawarti Panjebar Semangat *Edisi* Juli 2016 – Juli 2017. Ingkang kaping kalih, saged dipunginakaken kangge bahan waosan saha referensi anggenipun badhe nindakaken panaliten basa.